

# Viris Zika

## Kisa viris Zika ye?

Zika se yon virus (mikwòb) kèk kalite moustik ap gaye. Pifò nan moun (80%) ki kontre avèk virus Zika a pa pral malad. Pou sa ki vin malad yo, sentonm yo kòmanse nòmalman ant 2 ak 7 jou apre moustik ki enfekte a pike yo, tankou lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, ak konjonktivit (je wouj). Men sèlman, si yon fanm ansent lè li pran enfeksyon an, enfeksyon an ka antre sou tibebe ki nan vant li a.

## Kouman Zika a gaye?

Nòmalman, virus Zika a antre sou yon moun lè yon moustik enfekte pike moun lan. Virus la kapab soti nan yon moun tou, pou antre sou patnè k ap fè lanmou avèk li si yo pa pwoteje, oubyen soti nan yon fanm ki ansent pou antre sou tibebe nan vant li pandan gwochè la oubyen lè l ap akouche. Pa gen anyen ki montre virus Zika a kapab pase nan yon enfizyon ki soti nan yon moun ki gen enfeksyon an. Yo jwenn virus la tou nan lèt manman, nan pipi, ak nan krache, men y ap mennen ankèt toujou pou wè si virus la kapab pase nan wout sa yo pou enfekte moun.

## Èske mwen ka pran virus Zika a nan moustik ki nan Massachusetts?

Prèske pa gen okenn chans pou yon moun pran enfeksyon an nan yon virus Zika ki soti nan yon piki moustik nan Massachusetts. Yo pa jwenn kalite moustik ki konn bay virus Zika a nan Massachusetts.

Men sèlman, moun ki vwayaje pou ale nan [zòn kote gen epidemi Zika](#)

(<http://www.cdc.gov/zika/geo/index.html>) kapab kontre avèk moustik ki enfekte pandan vwayaj la, epi genyen nan moun sa yo ki tounen nan Etazini avèk dyagnostik Zika.

## Ki danje ki genyen si virus Zika a enfekte m pandan mwen ansent?

Si virus Zika a enfekte yon moun ansent, li posib pou virus la antre nan kò tibebe nan vant li a. Lè sa rive, sa kapab lakòz defo depi nan nesans, tankou devlopman ànòmal sèvo ak tèt tibebe a (mikwosefali). Si ou ansent, epi oumenm oubyen moun ou fè lanmou ale nan yon kote ki gen virus Zika k ap transmèt, ou ta dwe pale avèk doktè oubyen pwofesyonnèl sante w sou nesesite pou fè yon tès. Yo ka fè tès sou moun ansent pou virus Zika a nan Laboratwa Sante Piblik pou Eta Massachusetts la.

## Ki danje ki genyen si virus Zika a enfekte m pandan mwen pa ansent?

Pifò nan moun (80%) ki kontre avèk virus Zika a pa pral malad. Pou sa ki vin malad yo, sentonm yo kòmanse nòmalman ant 2 ak 7 jou apre moustik ki enfekte a pike yo, tankou lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, ak konjonktivit (je wouj). Gen rapò ki te fèt sou kèk pwoblèm nan sistèm iminitè, tankou sendwonm Guillain-Barré, apre virus Zika a te enfekte moun; sa pa rive souvan, epi sa kapab rive tou apre lòt kalite enfeksyon.



## Èske mwen an danje pou mwen pran virus Zika?

Nan moman kounye a, sèl moun ki an danje pou yo pran efeksyon Zika, se moun ki te vwayaje pou ale nan kote ki gen epidemi Zika oubyen moun ki te fè lanmou avèk moun ki te ale nan kote sa yo. Si moun ou konn fè lanmou gen lide pou vwayaje, ou ta dwe gade pòtay entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a, pou pran enfòmasyon sou [kote ki genyen virus Zika a:](#) (<http://www.cdc.gov/zika/geo/index.html>).

## Si mwen ansent, kouman mwen dwe pwoteje tèt mwen kont maladi ki soti nan virus Zika a?

**Jouktan lè a rive pou yo dekouvri plis enfòmasyon, moun ansent ak moun k ap eseye ansent dwe tann anvan yo ale nan zòn kote gen epidemi ki soti nan virus Zika a.** Moun ansent k ap vwayaje pou ale nan zòn sa yo dwe pale avèk doktè oswa pwofesyonnel sante yo anvan yo pati, epi yo dwe pran prekosyon pou moustik pa pike yo pandan vwayaj la. Ou ka jwenn lòt konsèy sou vwayaj pou moun ansent nan pòtay entènèt CDC a nan adrès: <http://www.cdc.gov/zika/pdfs/zika-pregnancytravel.pdf>.

Kòm virus Zika a transmèt tou nan fè lanmou, si moun ou konn fè lanmou a te ale nan yon zòn kote gen yon epidemi Zika, ou dwe sèvi avèk kapòt byen chak fwa n ap fè nenpòt aktivite lanmou, OSWA pa fè lanmou pandan gwosès la.

## Èske mwen ta dwe tann anvan mwen eseye vin ansent?

Si w ap eseye ansent epi gen posibilité pou w te kontre avèk virus Zika a pandan w ap vwayaje oswa pandan w ap fè lanmou, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a konseye peryòd tan pou moun tann anvan yo eseye vin ansent. **Pou plis enfòmasyon, pale avèk doktè oswa lòt pwofesyonnel sante ou.**

	Fanm	Gason
Kontak potansyèl avèk virus Zika pandan vwayaj oswa relasyon seksyèl san kapòt	Tann omwen 8 semenn apre sentonm lan yo kòmanse oswa apre dènye fwa ou te ka pran kontak avèk virus la	Tann omwen 6 mwa apre sentonm lan yo kòmanse oswa apre dènye fwa ou te ka pran kontak avèk virus la

**Remak:** Konsèy sa yo toujou valab nan dat 30 septanm 2016 la, epi yo ka chanje. Sonje gade nan adrès [www.cdc.gov/zika](http://www.cdc.gov/zika) oubyen pale avèk pwofesyonnel sante w pou dènye enfòmasyon k ap sikile yo.

## Èske gen nenpòt tretman pou virus Zika?

Pa gen tretman espesifik pou enfeksyon virus Zika, men pifò moun ki pran li pa vin malad grav, epi yo geri byen vit. Si ou ansent epi moustik pike w pandan w ap vwayaje nan yon zòn kote ki gen virus Zika, oubyen si ou te fè lanmou san kapòt avèk yon moun ki te ale nan kote sa yo, ou dwe kontakte pwofesyonnel sante k ap swiv ou pandan gwosès la.

Ou ka jwenn kote ki fè tès pou virus Zika, epi yo konseye moun ansent ki ka te pran kontak avèk virus Zika pou yo fè tès la. Si tès la montre moun lan te pran kontak avèk virus Zika a, pwofesyonnel sante k ap swiv li pandan gwosès la kapab ba li konsèy sou kisa pou li veye ankò pou tèt li ak pou tibebe nan vant li a.



## Kisa ou ka fè pou pwoteje tèt ou kont virus Zika a pandan w ap vwayaje?

Kòm se moustik enfekte k ap gaye virus Zika a, men kèk prekosyon ou ka pran pou w redui chans pou moustik pike w **pandan w ap vwayaje nan yon zòn kote gen virus Zika**:

- Lè ou pa anndan kay, mete pantalon long, chemiz manch long, ak chosèt. Sa kapab difisil lè fè cho, men sa pral ede w anpeche moustik yo poze sou po w.
- Eseye rete nan kote ki gen lè kondisyonne oubyen fennèt ak pòt ki pwoteje ak yon twal metalik. Dòmi anba yon moustikè si pa genyen lè kondisyonne oswa twal metalik ki pwoteje chanm yo, oubyen si w ap dòmi deyò.
- Sèvi avèk yon pwodui pou fè moustik rete lwen, ki genyen **DEET** (N, N-diethyl-m-toluamide), **permethrin**, **picaridin** (KBR 3023), **IR3535** (3-[N-butyl-N-acetyl]-aminopropionic acid) oswa **lwil sitwon ekaliptis** [p-menthane 3, 8-diol (PMD)] dapre direktiv ki ekri sou etikèt pwodui a.
  - Si ou swiv direktiv ki sou etikèt la, pwodui pou fè moustik rete lwen ki genyen **DEET**, **picaridin**, ak **IR3535** pa gen danje pou moun ansent.
  - Si w ap sèvi avèk pomad pou solèy tou, mete pomad la sou ou anvan ou mete pwodui pou fè moustik rete lwen an.
  - Yo pa dwe sèvi avèk pwodui DEET yo sou tibebe ki gen mwens pase 2 mwa; pou timoun ki pi gran, sèvi avèk pwodui a nan konsantrasyon 30% oswa mwens.
  - Yo pa dwe sèvi avèk lwil sitwon ekaliptis sou timoun ki poko gen 3zan.
  - Pwodui Permethrin yo fèt pou sèvi sou bagay tankou rad, soulye, filè pou kabann, ak materyèl pou kanpman, kidonk ou pa dwe mete yo sou po w.
  - Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou jan pou chwazi ak sèvi san danje avèk pwodui pou fè moustik rete lwen nan dokiman enfòmasyon MDPH Mosquito Repellents la [Fè Moustik Rete Lwen nan MDPH] nan adrès [www.mass.gov/dph/mosquito](http://www.mass.gov/dph/mosquito).
  - Si ou pa kapab monte sou entènèt, kontakte MDPH nan nimewo (617) 983-6800 pou mande enfòmasyon yo sou papye.
- Sa ki pa menm avèk moustik ki bay maladi isit la nan Massachusetts, se moustik ki pike moun lajounen ki bay virus Zika a. Sa vle di, lè w ap vwayaje nan yon zòn kote virus Zika a aktif, li enpòtan anpil pou pran prekosyon pou moustik pa pike w lajounen menm jan ak nan nwit jouktan jou leve.

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Kontakte doktè w, enfimyè w, oswa klinik pou swen sante w, oubyen konsèy administrasyon lokal pou sante a (ki nan ànyè telefòn la, anba "Local Government" [Gouvènman Lokal]).
- Massachusetts Department of Public Health (MDPH), Division of Epidemiology and Immunization nan nimewo (617) 983-6800 oubyen nimewo gratis (888) 658-2850, oswa nan pòtay entènèt MDPH sou virus Zika a nan adrès [www.mass.gov/dph/zika](http://www.mass.gov/dph/zika).
- Pòtay entènèt sou Zika nan adrès Centers for Disease Control and Prevention [www.cdc.gov/zika](http://www.cdc.gov/zika).
- Konsekans pwodui pou fè moustik rete lwen yo sou sante moun: MDPH Bureau of Environmental Health nan nimewo 617-624-5757.



- Pwogram Planifikasyon Lafanmi ki nan demanbre (Depatman Lasante Piblik eta Massachusetts) MDPH la founi yon seri sèvis klinik ki louvri pòt pou laswenyaj bon mache oswa gratis ticheri sou zafè fè bagay ak fè pitit. Swen sa yo pou popilasyon ki an priyorite yo tankou jenn boujon ak abitan salè mèg yo nan Massachusetts. Ale sou [www.mass.gov/dph/familyplanning](http://www.mass.gov/dph/familyplanning) pou plis detay epi pou jwenn yon founisè ki nan zòn ou an.

